# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

झांसी के महारानी लक्ष्मीबाई मेडिकल कॉलेज के नवजात शिशु सघन चिकित्सा यूनिट में काल्हि राति भीसण आगि लगले से दस गो जनमतुआ लइकन के झुलसले अउर दम घुटले से मउति हो गइल। येह हादसा में करीब चलीस लइकन के सुरक्षित निकारि लिहल गइल हवे। ढेर राति फायर ब्रिगेड क कई गो गाड़ी आगि के काबू में कइलस। बचाव कार्य में सेनो मददि कइलस। दुरघटना के समय करीब पचास गो जनमतुआ लइके सघन चिकित्सा यूनिट में भरती रहलें। दुरघटना क जनकारी मिलते मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रसासन के वरिष्ठ अधिकारियन अउर डाक्टरन के जुरते मौका पर पहुंचि के युद्ध स्तर पर राहत अउर बचाव कार कइले क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री मृतक लइकन के परिजनन के पांच–पांच लाख रूपिया अउरि गंम्भिराहे घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया के सहायता धनरासि दिहले क निरदेस दिहलें। श्री योगी पूरा मामिला क रिपोर्ट जल्दी से जल्दी प्रस्तुत करे क कहलें हवे। मुख्यमंत्री के निरदेस पर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक भोरवे में प्रमुख सचिव स्वास्थ्य के साथे झांसी खातिर रवाना हो गइलें। ओहिजां पहुंच के उहां के पूरा मामिला क अउर जनमतुआ लइकन के बारे में पुरहर जनकारि लिहलीं।

**********

प्रदेस के नौ सीटिनि बदे हो रहल उपचुनाव में बीस नवंबर के होखे वाले मतदान से पहिले सज्जों राजनीतिक दलन क प्रमुख नेता अउर स्टार प्रचारक अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में जनसभा अउर रैली कइ के ओट दिहले क अपीलि कइ रहल हवें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कानपुर के सीसामऊ विधानसभा क्षेत्र में भाजपा ओम्मेदवार के पक्ष में आयोजित रोड–सो में सामिल भइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री बटेंगे तो कटेंगे, एक रहेंगे तो नेक रहेंगे जइसन नारा के एक बेरि फेर दोहरवलें। मुख्यमंत्री प्रयागराज के फूलपुर विधानसभा क्षेत्र में एगो जनसभा के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि देस अउर प्रदेस में जवन विकास देखाई दे रहल हउवे ऊ डबल इंजन के सरकार के नाते सम्भव हो पावल हउवे। एहसे पहिले मुख्यमंत्री काशी गइलें अउर ओइजा उहां के काशी विश्वनाथ धाम अउर काल भैरव क दरसन–पूजन कइलीं। भाजपा क वरिष्ठ नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु मिर्जापुर के मझवां विधानसभा क्षेत्र के शाहपुर चौसा में जनसभा कइ के अपने ओम्मेदवार के पक्ष में ओट मंगलें। ओहर समाजवादी पारटी क सांसद विरेन्द्र सिंह आजु मिर्जापुर में संवाददाता सम्मेलन कइ के भदोही क सांसद की ओरि से मझवां विधानसभा क्षेत्र में दावत कइले पर सवाल उठवलें अउर येह मामिला में जिला प्रसासन की ओरि से कउनों करवाई न कइलहू पर सवाल उठवलें।

**********

प्रदेस क समाज कल्याण राज्य मंत्री असीम अरूण सज्जो जिलाधिकारियन के निरदेस दिहले हउवें कि ऊ प्रदेस सरकार के प्राथमिकता वाली मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना के जियादे व्यवस्थित अउर पारदरसी तरीका से सम्पन्न करावें। उहां के कहलीं कि एकरे खातिर बनावल गइल नियमावली क कड़ाई से पालन सुनिस्चित कइल जाए। मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना बदे जारी निरदेस के पालन क जिम्मेवारी राज्य मंत्री मण्डलायुक्तन के सउंपलें। श्री अरूण ईहो कहलें कि सौ से जियादे जोड़ा के विवाह समारोह में जिलाधिकारी क व्यक्तिगत मौजूदगी जरूर होखे।

**********

प्रदेस के सज्जो पूरबी जिलन में आजु सम्पूर्ण समाधान दिवस क आयोजन कइल गइल। येह दौरान लोगिन क सिकाइति सुनल गइल अउर उनके समेस्या के जुरते निपटारा क कोसिस कइल गइल। मऊ जिला के घोसी तहसीलि में जिलाधिकारी अड़तीस गो सिकाइति सुनलें। एहमें से चारि क निपटारा जुरते कइल गइल।

**********

कुशीनगर जिल के कसया तहसीलि के तीनि गांव महासोन, लाला गुरवलिया अउर तरूवनवां के बारह किसानन के सेटेलाईट के जरिये पराली जरवले के आरोप में चिन्हित कइल गइल हउवे। ओइजा क उप जिलाधिकारी चिन्हित किसानन पर एकरे खातिर पचीस सौ रूपिया क जुरमाना लगवले हवें।

**********

बिजनौर के धामपुर क्षेत्र में एगो तिपहिया वाहन के कार से टकरा गइले के नाते भइल दुरघटना में सात जने क मउति हो गइल आ दुइ जने अउरियो घाही हो गइलें। देहरादून–नैनीताल राष्ट्रीय राजमार्ग पर भइल दुरघटना में मरे वालन में छौ जनि एक्के परिवार क रहलें अउर एगो मांगलिक कार्यक्रम से लवटि के अपने गांव जात रहलें।

**********

गोरखपुर के वीर बहादुर सिंह स्पोर्ट्स कॉलेज में आजु प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही अड़सठवीं राष्ट्रीय विद्यालयीय खेलकूद प्रतियागिता ''कुश्ती महाकुंभ'' क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रदेस सरकार क खेलन के प्रोत्साहित कइले पर जोर बाटे, येही क नतीजा हउवे कि आजु प्रदेस देस भर में हो रहल खेलकूद प्रतिस्पर्धा में आपन परचम लहरा रहल हवे। उहां के कहलीं कि सरकार अइसन व्यवस्था बनवले हउवे कि खेलाड़ी बेहतर प्रदर्सन के जरिये अधिकारियो क पद पा सके लें। उद्घाटन के बाद प्रतियोगिता में कुश्ती प्रतिस्पर्धा सुरू हो गइल बाटे।

**********